

Zòn pou Modifikasyon Zonaj


(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)

Seri kat sa a se yon gid pou eksplike ou an detay Pwojè Distri Zonaj Plas ak Ri nan Mattapan. Ou kapab jwenn Kat Pwojè Zonaj ofisyèl yo sou sitwèb PLAN: Mattapan nan, ansanm avèk pwojè amandman tèks zonaj pou distri zonaj Plas ak Ri yo.

Kat sa yo konpare zonaj ki la deja a nan Mattapan avèk distri zonaj Plas ak Ri yo fenk pwopoze yo.

Se Atik 60 nan Kòd Zonaj Boston an ki reglemante Katye Gran Mattapan nan. Zonaj ofisyèl la etann li soti nan Neponset River nan sid rive nan Franklin Park nan nò. Sepandan, PLAN an: Zòn etid Mattapan se sèlman nan sid Morton Street. PLAN: Mattapan genyen ladan l distri zonaj Dorchester ak Hyde Park.


Yo sèlman pwopoze modifikasyon zonaj la pou zòn ki anndan Katye Greater Mattapan an *epi* ki fè pati zòn etid PLAN: Mattapan an. Yo endike zòn sa a sou kat avèk yon pil pwen.



Zonaj ki La Deja nan Mattapan

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)

Soudistri zonaj ki an koulè yo nan limit **PLAN: Mattapan an epi zonaj la ap modifye**. Gen kèk moso tè ki toupre liy separasyon an ki ap genyen pwopozisyon zonaj.




Pwopozisyon Zonaj nan Mattapan

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)


Men nouvo zonaj yo pwopoze pou Mattapan. Kat sa a makonnen de (2) inisyativ zonaj apa, men ki lye, ki fè pwogrese objektif ak rekòmandasyon PLAN: Mattapan.

Yo montre **modifikasyon zonaj rezidansyèl** la avèk soudistri R1 ak soudistri R2. Nouvo zonaj rezidansyèl la aliyen règleman pou zonaj yo avèk fòm bati ki egziste nan Mattapan, li kore nouvo opòtinite lojman nan pèmèt konstriksyon kay ki gen 2 ak 3 inite lojman, epi li pèmèt pwopriyete yo konstui Inite Lojman Sipleman, ki gen ladan yo nouvo estrikti ki atache ak estrikti ki pa atache.

Yo montre **Modifikasyon Zonaj Plas ak Ri** a avèk Distri S0, S1, S2, S3, ak Distri S4. Yo **reglemante** nouvo distri zonaj sa yo **nan tout vil la, se pa nan Atik 60 Mattapan an**. Distri Plas ak Ri sa yo gen ladan yo règleman ki ajou sou itilizasyon tè ak dimansyon pou reyalize vizyon ak objektif yo idantifye nan PLAN: Mattapan, ki gen ladan l biznis lokal ki dinamik, k ap pwospere ak espas kiltirèl nan Mattapan Square ak lòt pwen santral nan katye a. Distri Zonaj Plas ak Ri yo pèmèt gen yon melanj diferan bilding ak wotè, yo kreye opòtinite pou ogmantasyon lojman, epi yo pèmèt gen anpil aktivite nan ri yo ak devan lokal biznis yo.



Squares + Streets Districts
Regulated by Citywide Base Code




Proposed Mattapan Subdistricts
Regulated by Mattapan Article 60



Modifikasyon Zonaj pou Soudistri Komèsyal Katye ki La Deja yo

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)

Tout soudistri komèsyal katye ki la deja nan limit PLAN: Mattapan an ap gen modifikasyon zonaj Plas ak Ri. Yo souliyen soudistri komèsyal katye sa yo ki la deja sou kat la adwat, avèk nouvo Distri Zonaj Plas ak Ri yo anlà yo.



****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**

Existing Mattapan Subdistricts
Regulated by Mattapan Article 60

- | | |
|---|---|
| 1 Family | Local Convenience |
| 2 Family | Neighborhood Shopping |
| 3 Family | Community Commercial |
| Community Facilities | Local Industrial |
| Multifamily Residential | Open Space |


Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)

Anplis transfè Soudistri Komèsyal Katye yo nan Distri Zonaj Plas ak Ri yo, genyen plizyè zòn kote ki deja genyen youn (1), de (2), epi twa (3) fanmi ki ap transfere nan Distri Zonaj Plas ak Ri yo. Soudistri ki an koulè yo la deja, avèk nouvo Distri Plas ak Ri yo anlè yo.

Limit sa yo reflekte zonaj yo rekòmande nan PLAN: Mattapan an, ki mande pou yo agrandi soudistri komèsyal katye yo sou Blue Hill Ave epi nan pwen santral ki pi piti yo nan katye a.

Paj ki vini annapre yo ap souliyen zòn apa yo ak fason Distri Plas ak Ri yo aliyen rekòmandasyon PLAN: Mattapan yo avèk fòm bati ki egziste a, gwosè moso tè yo, ak itilizasyon tè yo.




****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Mattapan Square

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)

Selon rekòmandasyon yo, ap genyen yon melanj aktivite diferan nan mitan plas la, tandiske distri ki pi lwen yo ap gen mwens aktivite epi se plis kay pou moun rete k ap ladan yo.



**Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Mattapan Square S4


(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)



Nan distri S4 la, genyen pi gwo etablisman k ap sèvi kominote lokal la, tankou Sant Sante Kominotè Mattapan nan.



Aktivite komèsyal ki kole youn ak lòt sou Blue Hill Ave ak River Street



The Loop kòm egzanp resan kote gen anpil biznis anba lakay la epi gen kay pou moun rete anlà a

**Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a

Existing Mattapan Subdistricts
Regulated by Mattapan Article 60

- | | | | |
|--|-------------------------|--|-----------------------|
| | 1 Family | | Local Convenience |
| | 2 Family | | Neighborhood Shopping |
| | 3 Family | | Community Commercial |
| | Community Facilities | | Local Industrial |
| | Multifamily Residential | | Open Space |


Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Mattapan Square S3

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)

Pi gwo teren yo pa twò itilize ki bay sou Cummins Hwy; Distri S3 a ap limite dekou paj twotwa ki laj yo epi ankouraje aktivite ki bay sou lari



Kounye a, yo ofisyèlman otorize espas komèsyal yo te deja konstui toupre limit pwopriyete yo nan Distri S3 a



Existing Mattapan Subdistricts
Regulated by Mattapan Article 60

- | | | | |
|--|-------------------------|--|-----------------------|
| | 1 Family | | Local Convenience |
| | 2 Family | | Neighborhood Shopping |
| | 3 Family | | Community Commercial |
| | Community Facilities | | Local Industrial |
| | Multifamily Residential | | Open Space |

**Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Mattapan Square S2


(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)



Genyen biznis ki toupre youn ak lòt sou River Street, epi se premye bagay ou wè lè w antre nan Mattapan Square.



Genyen biznis ki toupre zòn ki gen kay yo ak yon pak toupre rivyè a. S2 a asire yon tranzisyon apwopriye nan sa ki gen pou wè ak gwosè epi fason yo itilize tè nan zòn sa a.



**Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Mattapan Square S1


(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)



Bilding ki gen kay 4 etaj ki toupre estasyon tren ki apwouve avèk S1. Pou kounye a, yo pa toutafè koresponn ak règ pou yon distri 2F, men deziyasyon S1 an kadre avèk gwosè pwopriyete ki la deja yo.



Moun yo vle pou genyen yon melanj kay ak ti biznis nan zòn sa a. Nou kapab fè reyamenajman sou sit sa a nan yon nivo ki kadre avèk zòn ki anviwonnen l yo gras ak Distri zonaj S1 an.



Pou kounye a, nan yon soudistri MFR, gwosè bilding ki la deja yo kadre byen avèk distri S1 an. Epitou, sa pèmèt yo itilize anba lakay la pou fè divès aktivite.

**Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a

Existing Mattapan Subdistricts Regulated by Mattapan Article 60

- | | |
|-------------------------|-----------------------|
| 1 Family | Local Convenience |
| 2 Family | Neighborhood Shopping |
| 3 Family | Community Commercial |
| Community Facilities | Local Industrial |
| Multifamily Residential | Open Space |

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Mattapan Square S0


(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)



Ti bilding ki gen apatman ki pou kounye a pa respekte règ yo nan distri 2F yo.



Distri S0 yo la sèlman pou kay. Yo fè yo pou kenbe anbyans distri a genyen kounye a epi pou anpeche yon pakèt biznis vin tabli nan kè Mattapan Square.



Komisyon Kontestasyon nan zafè Zonaj bay otorizasyon pou yo fè ansyen Lekòl St. Angela tounen kay. Li apwouve inisyativ sa a san okenn otorizasyon espesyal nan Distri S0 a.

Existing Mattapan Subdistricts Regulated by Mattapan Article 60


- | | |
|-------------------------|-----------------------|
| 1 Family | Local Convenience |
| 2 Family | Neighborhood Shopping |
| 3 Family | Community Commercial |
| Community Facilities | Local Industrial |
| Multifamily Residential | Open Space |

**Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Blue Hill Ave Station

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)

Distri ki gen plis aktivite ki toupre estasyon tren an ak Plas la, avèk yon distri ki gen kay k ap fè tranzisyon nan nò.



****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Blue Hill Ave Station S2


(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)

Nan yon Distri S2, se pa yon pwoblèm pou genyen yon bilding ki gen twa (3) etaj epi nan anba lakay genyen biznis.



Yo fenk apwouve konstriksyon yon bilding 5 etaj. Anba lakay la ap gen anpil aktivite biznis ladan li. Se gwochè ki apwopriye a, lè nou konsidere jan li toupre estasyon

Gen yon espas komèsyal ki konstui jis nan limit pwopriyete a epi gen posiblite pou ajoute plis lojman ladan li. Nouvo kay yo ap respekte gwosè kay ki toupre yo epi yo ap apwopriye pou zòn nan Blue Hill Ave moun frekante anpil yo.



Existing Mattapan Subdistricts
Regulated by Mattapan Article 60

| | |
|-------------------------|-----------------------|
| 1 Family | Local Convenience |
| 2 Family | Neighborhood Shopping |
| 3 Family | Community Commercial |
| Community Facilities | Local Industrial |
| Multifamily Residential | Open Space |


****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Blue Hill Ave Station S0

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)



Pou kounye a, bilding apatman an pa respekte règ yo pou yon kay 2 fanmi nan kad zonaj la. Men, li konfòm avèk distri S0 a.



Distri S0 a di kay ki nan zòn sa a se kay bon kalite ki byen konstui epi li vle asire l yo pa demoli yo. Mank pakin ki genyen kounye a pa respekte règ yo, men lè nou pase nan Distri S0 a, yo respekte tout règ yo.

****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**

Existing Mattapan Subdistricts
Regulated by Mattapan Article 60


| | |
|-------------------------|-----------------------|
| 1 Family | Local Convenience |
| 2 Family | Neighborhood Shopping |
| 3 Family | Community Commercial |
| Community Facilities | Local Industrial |
| Multifamily Residential | Open Space |

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Blue Hill Ave

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)

Yo chwazi yon melanj distri S1, S2, ak S3 selon bilding ki egziste nan distri yo ak aktivite komèsyal ki deja ap fèt ladan yo.

Yon distri S3 pèmèt genyen plis aktivite nan anba lakay epi li otorize bilding wotè mwayen ki pi wo nan Morton Street.



****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Blue Hill Ave S3

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)


Gwo moso tè toupre gwo kafou sa a pou aktivite transpò piblik a aktivite komèsyal. S3 a fèt pou l ka jere pi gwo aktivite nan anba lakay la, tankou fèt oswa evènman.



Jounen jodi a, ou plis jwenn magazen oswa biwo nan anba lakay la epi kay nan etaj anlè yo. Rekòmandasyon pou yon soudistri "Komèsyal Kominotè" selon PLAN: Mattapan.



Deja genyen kay ki bati rive jis nan limit pwopriyete a, tankou sou "ri prensipal la". Men, gen posibilite pou konstui lòt kay sou sa ki deja la yo.



Existing Mattapan Subdistricts
Regulated by Mattapan Article 60

| | |
|-------------------------|-----------------------|
| 1 Family | Local Convenience |
| 2 Family | Neighborhood Shopping |
| 3 Family | Community Commercial |
| Community Facilities | Local Industrial |
| Multifamily Residential | Open Space |

****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Blue Hill Ave S2


(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)



Kay 5 etaj yo fenk konstui sou Blue Hill Ave toupre pwopriete komèsyal ki pa gen okenn espas nan mitan yo.



Genyen anpil biznis sou Blue Hill Ave, epi S2 ap pèmèt yo rapousiv aktivite yo. Epitou, li ap asire genyen yon espas ki pi ouvè ant biznis sa yo ak soudistri R2 a.



****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Blue Hill Ave S1


(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)



Distri S1 an konfime nan zòn sa yo genyen ti bilding pou moun rete, epi gen kèk ladan yo ki gen magazen oswa aktivite nan anba lakay.



Nan zòn sa a, genyen moso tè ki pi piti. Distri S1 an ap pèmèt gen bilding ki gen menm gwosè ak bilding ki anviwonnen yo a. Men, gendwa toujou genyen aktivite nan anba lakay la.



Existing Mattapan Subdistricts
Regulated by Mattapan Article 60


| | |
|-------------------------|-----------------------|
| 1 Family | Local Convenience |
| 2 Family | Neighborhood Shopping |
| 3 Family | Community Commercial |
| Community Facilities | Local Industrial |
| Multifamily Residential | Open Space |

****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Estasyon Morton Street

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)

PLAN: Mattapan rekòmande pou ajoute plis biznis nan anba lakay epi konstui yon gwo magazen toupre Estasyon Tren Morton Street. Yon Distri S2 mande pou yo itilize anba lakay la pou fè yon aktivite oswa yon biznis. Anplis, fòk yo konstui bilding yo jis nan limit pwopriyete a (se sityasyon sa a ki la jounen jodi a)



****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Morton Street Station S2

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)


Kay yo ap konstui toupre estasyon tren an ak zòn komèsyal moun frekante anpil yo se yon tandans aktyèl. Gen kèk nan kay sa yo ki deja konstui, gen lòt ki poko fin konstui.



Li posib pou konstui kay oswa fè biznis toupre zòn transpò piblik yo, yon fason pou yo byen entegre avèk katye rezidansyèl yo.



Genyen bilding jiska limit pwopriyete a ki gen diferan aktivite komèsyal nan anba lakay la; S2 bay posiblite pou ajoute kay anlè biznis sa yo.



Existing Mattapan Subdistricts
Regulated by Mattapan Article 60

| | |
|-------------------------|-----------------------|
| 1 Family | Local Convenience |
| 2 Family | Neighborhood Shopping |
| 3 Family | Community Commercial |
| Community Facilities | Local Industrial |
| Multifamily Residential | Open Space |


****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Estasyon Morton Street Station NS

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)



Ansyen kenkayri sa a egziste depi lontan epi li bay tout katye a sèvis. men, li pa respekte règ pou yon soudistri kote 2 fanmi sipoze ye. Lefètke yo klase distri sa a nan kategori NS vle di yo otorize moun itilize pou l fè komès an detay san yon otorizasyon espesyal. Yo pa t pale pwopriyete sa a nan kad PLAN: Mattapan, donk yon distri Plas ak Ri p ap apwopriye. Epitou, sit la gwo epi si pwopriyete a vle chanje li alavni, fòk nou reflechi plis epi fè plis rechèch pou nou jwenn pi bon fason pou nou itilize teren an.




****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**

Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Cummins ak Greenfield

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)

PLAN: Mattapan rekòmande pou ajoute plis biznis nan anba lakay epi konstui yon gwo magazen nan katye rezidansyèl sa a.

Yon Distri S1 pèmèt yo itilize anba lakay la pou fè yon aktivite oswa yon biznis (se sitiyasyon sa a ki la jounen jodi a).



****Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a**


Zonaj Plas ak Ri Konpare ak Zonaj ki La Deja a | Cummins ak Greenfield S1

(Se yon kat yo chanje, se pa kat zonaj ofisyèl la)

Nan yon Distri S1, li posib pou genyen teren avèk lakou ki pi piti ak mwens espas ant bilding yo. Anplis, kèk biznis kapab fè aktivite yo nan anba lakay bilding sa yo.



Zòn yo itilize jodi a kòm yon "pwensantral" pou machandiz ak sèvis. Se sèlman pwopriete yo itilize pou biznis yo konsidere kòm pwopriete yo kapab transfere nan kategori S1.



Existing Mattapan Subdistricts
Regulated by Mattapan Article 60

| | |
|-------------------------|-----------------------|
| 1 Family | Local Convenience |
| 2 Family | Neighborhood Shopping |
| 3 Family | Community Commercial |
| Community Facilities | Local Industrial |
| Multifamily Residential | Open Space |

**Koulè yo reprezante zonaj ki la deja a, etikèt yo reprezante zonaj yo pwopoze a